ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№243 (22.651) ● 2013 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІуэкІуэ Юрий щІыналъэ Іэтащхьэхэм яхуэзащ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ администрацхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта зэІупЫ. Абы щыхэпльащ экономикэм къыпэщыт къалэнхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм и щытыкІэм, щы Іуэхухэм, 2014 гъэм муниципалитетхэм я бюджетхэр къызэрэпэща зэрыкъунум, нэгъуэщІхэми.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ захуигъазэри, КІуэкІуэ Юрий хэхуэу жиІащ щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІакІуэныжмкІэ къыгуэхыпІэ зимыІэ къалэнхэр дэгъэкІыным куруу егупсысыж икІи лъэныкъуэ псори зэпэлъытауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр. Абы къыхигъэщхьэхукІащ дэтхэнэ щІыналъэми щыІэ щытыкІэмкІэ къалэ, район унафэщІхэм жэуап зэрахьыр, щІыхуэхэм я Іуэхуэхэр дэгъэкІыным ахэр гулъытэ яхьпу бгъэдыхьэну зэраукъэлэныр.

«Властым и лІыкІуэр унэ ехъэжьам щыпсэуэрэ автомобиль лъапІэхэм ису къикІуэну, ар щыунафэщІ щыналъэм щыщ щІыхуэхэм щІакъуэ Іыхьэ къыщыдэжьын Іэнатіэ ямыгъэту екІуэкІ хъунукъым», - къыхигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІуэщІэм зэпкърыхауэ щыхэпльащ щІыхуэхэр лэжьапІэ ІэнатіэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым. Апхуэдэу Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыныр, езэгъыраб гъу зимыІэ дин идеологием земыгъэубгъуныр, щІалэгъуалэр Іэщэкіэ зэщІэуэрда щІэпхъджащІэхэм демыгъэхьахыныр. Дэтхэнэ муниципалитетми и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэ зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ Іуэху нэхъыщхьэу къалъытащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я ягъэщІэныным и лъэныкъуэкІэ абы зэфІигъэкІхэр.

ЗэІуэщІэм къыщыщІэпсалъэм Тэрч, Шэрэдж, Прохладнэ муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэу Пэнагуэ Максим, Темиржанов Махъты, Василенкэ Александр сымэ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэху зыбжанэм я гугъу ящІащ. Абыхэм зэман благъэм къриубыдэу нэхъ зэпкърыхауэ хэплъэну зэгурыІуэхэщ.

Налмык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

И къулыкъум токІ

ДЫГЪУАСЭ Налмык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и Советым и депутатхэм ирагъэкІуэКІа сессием унафэ ящІащ къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий Налмык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ зэманым иригъэкІуэКІа Іэжьыгъэм папщІэ фІыщІэ хуищІащ икІи щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къалэдэсхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным дяпэкІи ерыщу телъжьыну зэращІыгугъыр жиІащ.

Налмык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзащІэну и пщэ ирамылъыну щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и яп къуэдзэ Кладько Игорь Евгений и къуэм.

Налмык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и Советым и депутатхэм я сессием хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - кърал къулыкъум, кадрхэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным ельэІа ІуэхуэхэмкІэ управленэм и унафэщІ Владислав Александр. КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий и щІэкІэ абы Хьэгъэс Залымджэрий Налмык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ зэманым иригъэкІуэкІа Іэжьыгъэм папщІэ фІыщІэ хуищІащ икІи щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къалэдэсхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным дяпэкІи ерыщу телъжьыну зэращІыгугъыр жиІащ.

Налмык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым зи чэзу зэІущІэ щекІуэкІащ. Законодательствэмрэ къэрал уахъынгъэмкІэ комитетым и унафэщІ Мэремыкъуэ Арсен утыку кІрихьащ депутат гуным къыхалъхьа «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм ятеуХуауэ» законым и проектыр.

МЭРЕМЫКЪУЭМ зэрыжиІамкІэ, мы проектымкІэ пхагъэкІыну зыхуейр 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м кыдэкІа 18-нэ Федеральнэ законым и 3.2 статьям - «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властхэм я хабзэгубыхуэ, гъэзэщІакІуэ органхэр кьыхэзрыгэгъэпэщыпхъэ мардэхэм ятеуХуауэ» - кьыдэрыщыхьам тету, КъБР-м и Іэтащхьэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм хахыну хуит щыныр.

Абы ипкъ иткІэ, законопроектым кьыхуоф КъБР-м и Іэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм зэрыхахыну щыкІэр убзыхуным теуХуа закон республикэм кьыщащтэн хуейуэ.

- Апхуэдэ законхэр Дагъыстэнми, Ингушми, Осетие Ищхьэрэ - Аланеми кьыщащтащ, - жиІащ Мэремыкъуэм.

КъыкІэлъыкІуэ законопроектым - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэкІыу республикэ законхэр зэгъэзэхуэжьынымкІэ теуХуауэ» - йолажь, республикэ законодательнэ актхэр ягъэхьэзыр.

ЗэІуэщІэм щытепсэльыхьащ «КъБР-м и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхахыну щыкІэм теуХуауэ» законым и проектым.

Дэфтэрхэр абы елэжьын хуей псоми хуагъэхьащ, я Іуэху еплъыкІэхэр кьагъэлъэгъуэн хуэдэу. ИужькІэ, КъБР-м и Парламентым и Регламентым кьызэригъэувым тету, депутатхэр абы хэплъэжьынущ.

АдэкІэ парламентархэр тепсэльыхьащ УФ-м и Налог кодексым хэлъхьапхъэу кьалытэхэм ятеуХуауэ кьэралым и адрей хэгъэгухэм кьыщыхалъхьа хабзэхэм, Карелие Республикэм и Хабзэубзыху Зэхуэсым УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Голодец Ольгэ зэрызыхуигъэза, Хэку зауэщхэм и ветеранхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным теуХуа Іуэхугъуэм.

ЗэІуэщІэм унафэ кьыщащтащ республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхыльыр «КъБР-м и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Іуэхугъэ Гуэбэщ Іыкі Жантемыр иратыну, экономикэм хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуищІам папщІэ.

«Правительствэ сихьхэтым» кьриубыдэу депутатхэр тепсэльыхьащ республикэм и кьуажэхэм щнхабзэм и унэхэр щызэфІэгъэувэжьыным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Дунейм щыхъыбархэр

Доллар мелард тІощІ хуэныкъуэщ

Урысей-украин къэрал комиссэм и зэІущІэ нобэ Москва щокІуэкІ. Зэхуэсым зыщыкІетепсэльыхьыну-хэм ящыщщ газ уасэр, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, Украинэр хущІэкъуныщ абы хуІэрэгъэхуныим.

«Украинэм и Іуэху зытетыращи, ар зэрыхуэ щытыкІэм къикІыфынукъым, щІыхуэ къимыщтэу. Аращи, Урысей Федерацэм апхуэдэ лъэІукІэ зыкъыхуигъэзэмэ, ар хуэтщІэну кьыщІэкІынщ», - жиІащ УФ-м и Президентым и дзэпы-къуэгъу Белоусов Андрей.

Нэхъапэм зэрыжиІамкІэ, Украинэр хуэныкъуэщ и экономикэр «щІэзырыригъэлыну» доллар мелард 20.

Бачелет Мишель къеГъэзэж

Тхьэмахуэ махуэ кІуам Чилим щыхэхащ президентыщІэ. Къэралым щыпсэ-хуэм ящыщу Іэ зыІэтахэм я процент 62-м щІигъум я дзыхь ирагъэзри, а къулыкъур лъысыжащ 2006 - 2010 гъэхэм президенту щыта Бачелет Мишель.

Иджыпрэ къэралым, къэралым нэхъапэм зэи хэм Тбилиси (Куржы) щекІуэкІынущ тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іус къэралхэр зэдэлажьэныжмкІэ зэгухьэныгъэм и 42-нэ бжьыхьэ зэхуэсыр.

◆Режиссёр-балетмейстер **Гъубжокъуэ Болэт** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

◆Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакІуэ **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

◆Уэрэджьакіуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м, Ингушым я щыхьэ щІыхь артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щыгъынэр «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налмык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыпІэр махуэм градусэ 6 - 2, жэщым градусэ 8 - 5 щыхъунущ.

Фэбжьхэр щагъуэтащ Швецием и къалащхьэм пэмыжыжьэ Чарторт щІыпІэм расизмэм и бий пэкІу щыщІрагъэкІуэкІым.

Унафэщ Іхэм хуит зыкъ-рагъэщІри, щІыху щитІ хуэдиз уцрамым кьыдыкьат, лъэпкъхэр зэщІызыгъэІей псалъэхэр къалэм и унэ зыбжанэм нацистхэм зэрытратхар ямыдэу. Іуэхур здекІуэкІым, къалэдэс мамырхэм ятеуащ лъэпкъ зэхэгъэж зэращІымкІэ, щІыхуэхэр къызэрызэщІагъэстымкІэ цІэрыІуэ хъуа гуп икІи птулькІэхэр, мывэхэр ираутІыпщащ зэхуэсым кьрихьэлІахэм.

«ПакІуи хэтхэм къебгъэрыкІуахэм ящыщу щІыху 28-рэ дубыдащ. Іуэхур зэхэдгъэкІынурэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми хуэфащэ тезыр тетлъхьэнущ», - жиІащ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі э и лэжьакІуэ Линдгрен Челль.

НОБЭ

◆Стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэдзэхэм я махуэщ. СССР-м и Министрхэм я Советым и унафэкІэ 1959 гъэм къызэрагъэпэщащ.

◆УФ-м и къэрал фельдъегерскэ къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ. 1796 гъэм пащтыхь Павел Езанэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.

◆Авиацэм и махуэщ. США-м щыщ Каролинэ Ищхьэрэ штатым щыпсэу Райт зэкъуэшхэр езыхэм зэпхэрыльхьа я ягъэхьулъатэмкІэ 1903 гъэм уэгум ихьауэ щытащ.

◆Белоруссие кином и махуэщ.

◆Тунисым президент, парламент хэхьныгъэхэр щокІуэкІ.

◆Дыгъэгъазэм и 17 - 19-хэм Тбилиси (Куржы) щекІуэкІынущ тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іус къэралхэр зэдэлажьэныжмкІэ зэгухьэныгъэм и 42-нэ бжьыхьэ зэхуэсыр.

◆Режиссёр-балетмейстер **Гъубжокъуэ Болэт** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

◆Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакІуэ **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

◆Уэрэджьакіуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м, Ингушым я щыхьэ щІыхь артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щыгъынэр «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налмык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыпІэр махуэм градусэ 6 - 2, жэщым градусэ 8 - 5 щыхъунущ.

Нацистхэм зэхащІыхьхэр ядэркъым

ЦІыхуитіу, абыхэм полицэм и лэжьакІуитІи яхэту,

Зыгъэхьэзырыр **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Мариинэщ.**

Европэм щыІэхэм хуэдэщ

Илъэсыщ Іэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылыжэ курорт нэхъыщхьэр зэпэубыдауэ щытынущ. Зыгъэпсэхугъуэр иджыри къызэІуамыхами, нобэм ирихьэлІэу Іуащхьэмахуэ лъапэ къэкІуэ туристхэр зыхуей хуэзэн папщІэ «Іуащхьэмахуэ курорт» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и лэжьакІуэхэм ихуэзэфІэкІ къыгъэкъым.

ЛЫЖЭКІЭ къыщажьхь гъэзэгухэм нэхъплъэ къыщыщІым щыщІэдзауэ щолажьэ уэсыр зыубэ техникэр. Абыхэм гъэзэгухэр ягъэкъабзэ, зэтес ящІ. Лыжэкіэ къыщажьхь щыІэпІэхэм дэкІуэу къегъэлакІуэхэм я хэщІапІэхэр къыщыщІэрагъэщащи, фабжь зыгъуэт къыхэкІмэ, занщІэу дэІэпыкъуфынущ. Іуэхур пІащІэгъэуэ щыщытым и деж, авиацэр къагъэсэбэпынущ.

«Уэсышхуэ къыщецэм, жьы къыщецІэщэм деж, щІыхуэхэр щыгъуащэ кьохъури, ахэр къэпльыхьэжьын хуейщ. Абы папщІэ дэ иджыпстуэ дызыхуэныкъуэ щыІэкъым», - къыджриІащ къегъэлакІуэ Водолазкин Алексей.

Лыжэкіэ къажьхьыну къуршхэм кьакІуэхэм я бынхэри къыщыздашэ щыІщ. Апхуэдэ сабийхэр тэмэму къажьхьыфу есэн папщІэ, къежэхьпІэ щхьэхуэхэр хашащ. Ауэ, гъэ къэс жьыхуэм хуэдэу, Іуащхьэмахуэ лъапэ щеблагъэхэм я къежэхьпІэхэр Европэм щыІэхэм кьакІэрыхуркъым. Ахэр лыжэм къыщытоувэ метр 3500-м щІигъу лъагапІэм хуэзэу.

Мы гъэм уэс хъарзынэ кьос. Ауэ ар нэхъ кащІу зытелъ щыпІэхэр къыхэкІмэ, уэс Іэрыщі зэращІ Іэмэпсымэхэр кьагъэсэбэп. Апхуэдэ уэс Іэрыщіыр куэдрэ мыгъкІужу телъщи, Іуащхьэмахуэ лъапэ лыжэкіэ къыщыбгъкІыхь мэхъу накьыгъэ мазэр къэблэгъэху.

ТАРИМ Алисэ.

БАХЪСЭН районым щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и Іуэхущ Іапі э кім я Советым и 21-нэ сессием и зэІущІэм муниципалитетым и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн щІыналъэм и лэжьакІуэ, предприятэ нэхъыфІхэм щариты жащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Щ Іыхь тхыльыр.

КъБР-м и агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам, апхуэдэу мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскы промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэм и щыхьэкІэ, «Бахьсэн бройлер» ОАО агрогупыр, «Агро-Ком» ОАО-р, «Юг Агроснаб» ООО-р ягъэпэжащ.

Илъэс куэд хьуауэ мэкъумэшым и Іэнатіэм хьэлэлу зэрыщылажьэм, гъавэ бзэ къызэрагъэкІым папщІэ, «Эстер» ООО-м и унафэщІ Сыжажэ Іэсин, мэкъумэшыщІэфермер хозяйствэм и нэхъыжь Ирыгу Мухьэмэд, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэ Мыд Аркадий сымэ Щ Іыхь тхыльхэр хуагъэфэщащ.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн кьыхигъэщащ я гъавэгъэкІэм я фІыгъэкІэ Бахьсэн районым мэкъумэш Іэнатіэм куэдкІэ зэрызыщІиужьар, абыхэм я зэфІэкІым дяпэкІи зэрызрагъэубгъунур.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Бахьсэн щІынатъэ

Хьэлэлу лажьэхэр

● АПК

Къэрал шэсыпІэу сом меларди 2,5-рэ

УФ-м щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щекІуэкІа зэІущІэм къриІуам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщІэну «Юг-Агро» ООО инвестицэ проектым хухахьну кредитым мы илъэсым и кІэ хьуху Урысей Федерацэр къэрал шэсыпІэ хуиІэнущ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, 2013 гъэм къэрал шэсыпІэ иратын папщІэ УФ-м щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыщкъэуІу кІуам кьыхиха проекти 6-м «Юг-Агро» ООО инвестицэ проектыр ящыщщ. «Внешэкономбанк» ГК кредит комитетымрэ «Юг-Агро» ООО-рэ сом меларди 3,7-рэ и уасэ джэдкъаз комплекс зэрауэхуэнум теуХуа кредит зэгуфІыуэныгъэ мазитІ и пэкІэ зэращІыпІэуэ щытащ. Проектыр сом меларди 5,6-рэ и уасэщ. Езым и мылькыу сом меларди 1,9-рэ хелъхьэ. Къэрал шэсыпІэр сом меларди 2,5-рэ мэхъу.

Проектыр зытещІыхьар джэдыпрэ гуэгушыпу илъэсым тоин 30650-рэ кьыщыдэлэжьыну иджыпрэ Іэнатіэ лъэщ Дзэлыкъуэ районым къыщыІэзгъэпэщыныр. Іэнатіэм и Іуэхущ Іапі э псори кІуэх нэгъэсэ зиІэ лэжьэкІэм тету ягъэпсынущ. Проектыр щагъэзэщІэну пІалъэм я мазэ улахуэр ику итУ сом мин 23-рэ хьуауэ щыху 900-м щІигъум лэжьапІэ ягъуэтынущ, илъэситхум кьриубыдэу бюджет лІэужьыгъуэ псоми сом мелуан 664,3-рэ халъхьэнущ.

КЪУРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Дерс щхьэпэхэр къыхуэзрагъэпэщ

● Заводхэр - сабийхэм

ЩІыхь орден зезыхьэ «Телемеханика» акционер обществэ зэІухам «Заводхэр - сабийхэм» зыфІаІуа Іуэхугъуэм и япэ Іыхьэр дыгъэгъазэм и 4-м къыщыхалъхьащ. Абы тегухуа япэ зэхьыхьэр Нартан къуажэм дэт школ-интернатым и гъэсэнхэм лъагъэсащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэр я щІэгъэкъуэуну къызэрагъэпэща зэІущІэ гъэщІэгъуэным хэтащ республикэм и япэ вице-премьер Уянаев Казым, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, промышленностымрэ сатумкІэ министрхэм я къуэдзэхэу Абазэ Барэсбий, Жарашуев Алим, ЦІыхуэхэр ІэнатІэкІэ къызэзыгъэпэщ къэрал комитетым и лІыкІуэхэр.

Уянаев Казымрэ заводым и унафэщІ Къер Асльэнрэ ныбжьыщІэхэр гуапэу ирагъэблэгъащ, мы Іуэхугъуэм и мыхьэнэм хагъэгъуэзащ.

- Къэралым и дэнэ щІыпІи хуэдэу, ди республикэми рабочэхэмрэ инженерхэмрэ хуабжьу къомэщІэкІ. Промышленностым и Іэнатіэхэр зыхуей ІэщІагъэлІ Іэзэхэр ирикъуу ягъэхьэзырырыкъым. Ар къызыхэкІ цхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щІалэгъуалэр абы зэрыдимыхьэхыр. А ІэщІагъэм и мыхьэнэм, рабочэхэм ди гъащІэм щагъэзащІэ къалэныщхуэм, къэралым и зыужьыныгъэм хуащІ хэлъхьэныгъэ иным щІыпІэхэми зыубгъуауэ щахутепсэльыхьыркъым. Араш «Заводхэр - сабийхэм» зыфІэтща акцэр къыщІыхэтльхьар. Абы ипкъ иткІэ, предприятэхэм я лэжьэкІэм ныбжьыщІэхэр кІэльыдгъэпльнущ, рабочэхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ хуэдгъэзэнущ, дерс щхьэпэхэр къызэдгъэпэщынущ. Пщэдей еджапІэм къыщІэкІынуХэр я къэкІуэнум нэхъ пасэу егупсысыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ мы акцэр сэбэпышхуэ хъуну, рабочэ ІэщІагъэр кьыхэзыхынухэр Іуэхум тригъэгушхуэну къызэлъытэ, - къыхигъэщащ Уянаев Казым.

КъБР-м и япэ вице-премьер ныбжьыщІэхэм епсэльыІа нэужь, предприятэм и унафэщІ Къер Асльэн школ-интернатым и гъэсэнхэр заводым и тхыдэм хигъэгъуэзащ, нобэ зэлэжьхэм яхутепсэльыхьащ, ныбжьыщІэхэм я упщІэ куэдым жэуап яритащ.

«Телемеханика» ОАО-р «Сириус» холдингым хыхь «Урысейм и технологиехэр» къэрал корпорацэм хэтщ. Гъуэгуэм тэмэму щызекІуэныр къызэзыгъэпэщ Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырынымкІэ заводыр къэралым щыгъэпсыну щытащ. Иужьрей илъэсхэм абыхэм я фІагъым куэдкІэ хэхъуащ. «Телемеханика» ОАО-м и закъуэщ зыгъэнэху диодхэр зэрыльэ иджырей светофорхэр къыщІэзыгъэкІыр. Ахэр ягъэхьэзыр Урысей Федерацэм и ГИБДД-м щыпсахьэкІа техникэ пщалъэм къитІасэу. Предприятэм и Іэдакъэщ Іэкіыр «XXI лІэшІыгъуэм и технологие лъагэхэр» выставкэм щагъэльэгъуати, нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытащ. Предприятэм промышленностым папщІэ и мыхьэнэ зиІэ зэрыгъэщІ заказхэри егъэзащІэ.

Къер Асльэн ныбжьыщІэхэр цехэхэм къыщрищэкІащ, Іэнатіэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэм я лэжьэкІэм кІэльыгъэльащ, къыщІагъакІ продукцэм яхутепсэльыхьащ. ИужькІэ абыхэм Іэфі ыкІэ Іэнэ къыхуащтащ, тыгъэхэр хуащІащ. Я нэгу зиужьауэ, гъэщІэгъуэн, щІэныгъэуэ куэд яльэгъуауэ, Іуэху щхьэпэм гу хуащІауэ еджакІуэхэр зэбгрыкІыжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м *№688-рп*

Илъэсыщ1э гуфIэгъуэм ехьэлIа дауэдапщэхэмрэ школакIуэхэм я щ1ымахуэ зыгъэпэсхугъэмрэ зэщ1эгъэIуауэ егъэкIуэкIын мурадкIэ:

1. 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 29 - 31-хэм, 2014 гъэм щ1ыщ1ым и 1 - 5-хэм Профсоюзхэм я щ1энхабзэ унэу Налшык къалэ дэтым республикэ псейр щыгъэзывын икIи абы курыт еджапIэхэм я 1 - 7-нэ классхэм щ1эс сабийуэ 10000 кIэгъэблэгъэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Социальнэ политикэ» и «цIыхухэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ етыныр» раздел къуэдзэм хиубыдэ ахъщэм щыщу сом мин 1500-рэ илъэсыщ1э тыгъэхэр кьищэхун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм хухихыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацхэхэм я зэгухьэныгъэм чэнджэщ етын илъэсыщ1э псейм иращ1экIыну гуфIэгъуэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ сом мин 873,7-рэ кьэгутIыпщыну.

4. Илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр егъэкIуэкIыныжьыкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр кьащтэн, мы унэфэм и гуэдэхым зэритым хуэдэу.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын илъэсыщ1э гуфIэгъуэ Іухуэхэр зэрырагъэкIуэкIыжьмкlэ планыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм щ1ыгъуу зэхихьэху, 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м фIэмыкIыу илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIыныжьмкlэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым иритыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хьумэныжьмрэ курортхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэхэр щ1агъэкIуэкIыну зэманым Профсоюзхэм я щэнхабзэ унэм ягъэIэпхъуэ медицинэ пункт кьыщ1ыззригъэпэщ1ыну.

7. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щ1ыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етыну:

илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр районхэмрэ кьалэхэмрэ щ1егъэкIуэкIыныжьмкlэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетхэр кьащтэну;

кьызэгъэпэщакIуэ комитетхэм яхуэгъэувын:

илъэсыщ1э гуфIэгъуэм ехьэлIа Іуэхуэхэр кьыщыгъэльагъуэ планхэр зэхалъхьэу, илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр егъэкIуэкIыныжьмкlэ республикэм и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м фIэмыкIыу иратыну;

мафIэс кьэмыгъэхъуныжькlэ хабзэхэм абыкIэ жэуап зыхьхэр, апхуэдизу мафIэсым и шынагъуэ кьатемыхьэн папщIэ зыгъэпхъэ хабзэхэр сабийхэр щыгъуазэ ящ1ыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и комитетым хуэгъэувын, республикэм и профсоюз комитетхэм, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я профсоюз комитетхэм, щ1ыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

гуфIэгъуэм кьрихьэлIэну кьызэрырагъэблагъэ тхьилъэп псом япэу унагъуэ хуэмыщ1ахэмрэ бын куэд зиIэ унагъуэхэмрэ я сабийхэм, сабий зеинш1эхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэ сабийхэм хуэхахыну;

хэхауэ социальнэ дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ икIи кьэралым и нэIэм щ1эт сабийхэм илъэсыщ1э тыгъэхэр кьыхуащ1ихун папщIэ ахъщэ лей кьызэщ1агъэуIуэну;

илъэсыщ1э дауэдапщэхэр, гуфIэгъуэ зэхьихьэхэр жылагъуэхэм, лэжьапIэ Іэнатlэхэм, еджапIэхэм щегъэкIуэкIыныр кьызэрагъэпэщ1ыну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэм, организацэхэм, Іуэхуэщ1апIэхэм чэнджэщ етын предприятэхэм (организацэхэм) я ахъщэкlэ, апхуэдизу я ахъщэм профсоюз комитетхэм щ1агъэужьыкlэ лэжьакIуэхэм я сабийхэм илъэсыщ1э тыгъэхэр кьыхуащ1ихуэныр профсоюз комитетхэм яущ1ыгъуу кьызэрагъэпэщ1ыну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын спорт зэгухьэныгъэм чэнджэщ етын школакIуэхэм я щ1ымахуэ зыгъэпэсхугъэмрэ сабий куэд кьызэщ1ззыбыдэ спорт Іуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыну.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхьэ хьыбарегъащ1э Іуэхуэщ1апIэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын илъэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр зэрагъэпэщ1ыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыIэм чэнджэщ етын: республикэ псейм и илъэсыщ1э дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэр мафIэсым щ1ыхьэмэныжькlэ зыужьрыщ1ыну Іуэхуэхэр зэфIагъэкIыну;

жэуап зыхь щ1ыхьуэр мафIэс кьэмыгъэхъуныжькlэ хабзэхэм щыгъуазэ ящ1ыну.

14. Къэрал кIуэцI Іуэхуэмкlэ и министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыIэм чэнджэщ етын илъэсыщ1э гуфIэгъуэхэр транспорткlэ щашэкlэ, кьыщашэжкlэ, апхуэдизу я гуфIэгъуэхэр щекIуэкI щ1ыпIэхэм щ1ынагъэшагъэ кьащ1ыззрипэщ1ыну.

15. Мы унафэр зэрагъэзащ1ым кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьудзэ Къуэдзокьуэ М. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ХРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Джэш Хьэсэн Хьэсэнбий и къуэм етыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м *Налшык къалэ* *№65/1-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Ещтрэч Сультlан Хьэбас и къуэм, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрящ1ыщащхам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукlэ» 2008 гъэм щ1ыналъэ1ум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещ1:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар етын «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Джэш Хьэсэн Хьэсэнбий и къуэм (№76).

2. Мы унафэр щ1ыхьэ хьыбарегъащ1э Іуэхуэщ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щ1и сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ1
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЗ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Джэш Хьэсэн Хьэсэнбий и къуэр тхыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м *Налшык къалэ* *№65/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Джэш Хьэсэн Хьэсэнбий и къуэм етыным и Іуэхукlэ» 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьыдигъэкIа унафэ №65/1-5-м ипкъ иткIэ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукlэ» 2008 гъэм щ1ыщ1эуIуэм и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещ1:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Джэш Хьэсэн Хьэсэнбий и къуэр тхыным и Іуэхукlэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым зэрыхахамкlэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр щ1ыхьэ хьыбарегъащ1э Іуэхуэщ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щ1и сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ1
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЗ Ириней

Семэн Мерэ Мацэ и пхъур унафэ кьэзыщтэхэм ящ1ыщу Аруан щ1ыналъэ хэхакlуэ комиссэм хагъахьэным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м *Налшык къалэ* *№65/3-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьыгъэхэкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжькlэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщ1ыжьмкlэ щэсIпIэ нэхъыщ1ыхьэхэм я Іуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Іуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм я Іуэхукlэ» 2003 гъэм щ1ыщ1ылъэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, «Тэрчокъуэ Арсен Юрий и къуэм унафэ кьэзыщтэхэм ящ1ыщу Аруан щ1ыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр щ1ыщ1ыным и Іуэхукlэ» 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьищта унафэ №964/3-5-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещ1:**

1. Аруан щ1ыналъэ хэхакlуэ комиссэм унафэ кьэзыщтэхэм ящ1ыщу хэгъэхьэн Семэн Мерэ Мацэ и пхъур, 1956 гъэм къальхуар, курыт специальнэ щ1эныгъэ зиIэр, мэкъумэщ1э (фермер) хозяйствэм и унафэщ1ыр, комиссэм хагъэхьэн папщ1э «Захуагъэ здэщ1ыIэ Урысей» политикэ партым и щ1ыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыIэм кьигъэльэгъуар.

2. Мы унафэр щ1ыхьэ хьыбарегъащ1э Іуэхуэщ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щ1и сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ1
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЗ Ириней

КъБКъУ-м и математикэ факультетым ыджыблагъ щекIуэкIащ щ1ыхь дахэ. Ар траухуат КъБКъУ-м хьыбарегъащ1э технологиехэмрэ экономикэмкlэ и колледжыр (КИТЭ) илъэс 70 зэрырикъум. Абы зыкьрагъэхьэлIащ университетым и лэжьакIуэхэм, колледжым ильэсеуэдкlэ щ1ыпхъэ зэрыхуГуэм сабий куэд кьызэщ1ззыбыдэ спорт Іуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыну.

1943 ГЪЭМ, Хэку зауэщхуэр иджыри имыухэми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхубэ хозяйствэм зыщижьу хуохьэж. Шэч хэмылъу, абы Іэщ1агъэлIкlэр хуэгъэхьэзырын куей мэхьу икIи Ставрополь щ1э бухгалтер Іуэхуэхмкlэ еджапIэм и кьудамэ Налшык кьыщыз1эуах, 1962 гъэм ар еджапIэ щхьэхуэ мэхьу, нужькlэ техникум ящ1. Ефакlуэ эрпытурэ зызыужь еджапIэр 1995 гъэм КъБКъУ-м и нэIэ щегъэувэ икIи колледж цIэр егъуэт.

- Республикэм, хэбгъэзыхьмэ, Кавказ Ищхьэрэм илъэс 70 хьуауэ мыпхуэдэ еджапIэ дыдэрилэр фIыгъуэшхуэу кьызольытэ, - жиIащ КъБКъУ-м и ректорым егъэджэныгъэмкlэ и къуэдзэ Къэжэр Артур. - Мы Іуэхущ1апIэм кьикIуэ гъэсэгъанэр дахэщ. Республикэм экономикэм зыщижьыныгъэ колледжым хэльъэныгъэхуэу хунщ1ащ. Ар я фIыщ1эщ1 еджапIэм гурэ псэкlэ щ1ылэжьахэмрэ нобэ жьыджэру Іуэхум бгъэдэтхэмрэ. Сыныбжьхуэхуэ иджыри хэвгъаехьуэу, фи лэжьыгъэм гуКъущдэж кьывиту фикъэгъуэгурыкIуэну.

Кьэжэрым КИТЭ-м и унафэщ1 Нэхущ ФатIимэ иритыжащ Налшык кьалэ администрацэм кьыбгъэдэкlи Щ1ыхь тхьилъэп, апхуэдизу жриIэжащ КъБКъУ-м и ректор Къарамырзэ Барэсбий еджапIэм зэрехьэхьэр.

КъБКъУ-м кьыбгъэдэкlи щ1ыхь тхьилъэр Къэжэр Артурэрэ Нэхущ ФатIимэрэ иратащ колледжым и егъэджакIуэхэу Амщокъуэ Маринэ, Гущокъуэ Замирэ, Кьудей Мэремэ, Чым Иринэ, Харченкэ Роэзэ, Абдулаевэ Светланэ, Кьумыкъу Майе, Соблир Оксанэ, ЛIыс Людмилэ, Шаваевэ ФатIимэ сымэ, зэфIэкlлъагэ кьэзыгъэлъагъуэ студентхэр щ1ытхъу тхьилъхэмкlэ ягъэпэжащ..

- Илъэс 70-р Іущ1ыгъэм, зэфIэкlлъагэм я нэщэнэу яльытэ, - жиIащ Нэхущ ФатIимэ, - ЕджапIэм и ехьулIэныгъэфIэхэм и фIыщ1эшхуэ хэльщ1 сыт щ1ыгуи зи нэIэ кьыттет Къарэмырзэ Барэсбий. Апхуэдизу щ1ытхъу псалъэ жиеIэну сыхуейщ1 колледжым щ1ылэжьа егъэджакIуэхэм. Нэхъыжьхъэм дытрагъэуващ1 гъуэгуанэ пэж икIи абы тетыфын, зи кьарур пэлъэщ1ын Тхьэм дищ1. Псори гугъу зыщ1едгъэжьхьжьыр щ1еблэ тэмэм дгъэсэнраш1, фи цIэр фIыкlэ жьыжьэ Іуну ди гуапэщ.

И махуэ льапIэм ирихьэлIэу колледжым кьыIэрыхьащ хьуэхьу тхьилъэр. Абыхэм ящ1ыщ1 КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и пристав Іуэхущ1апIэм, еджапIэр кьызыухахэм, Кубань мэкъумэш кьэрал университетым, Ингуш Республикэм щ1э «Сунжа» банкым, нэгъуэщIхэми кьабгъэдэкIкlэ.

КИТЭ-м и тхьидэм теуха фильм гъэщ1эгъуэн ягъэхьэзырэр абы щеджэхэм. ЕджапIэм кьыщIигъэкIахэм кьаухэкIащ щ1эныгъэлI нэсхэр, Іэщ1агъэлI Іэзэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрми нэгъуэщ1 щ1ыпIэхэми фIыкlэ зи цIэр кьыщащ1э цIыху гъуэзэджхэр.

- Колледжым сыщ1ыщIэса ильэсхэр зэман нэхъ дахэ дыдэхэм ящ1ыщ1, - жиIащ КъБР-м энергетикэмкlэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкlэ и министрым и дэIепыкъуэгъу Безниковэ Ириней. - Сэ сфIэтэмэмщ куэрт еджапIэм и ужькlэ колледжым ущ1этIыкlсхьэнкlи, ищькlэ, гукъыдэж уиIэмэ, щ1эныгъэ нэхъыщхь зэбгъэгъуэтыныр. Сезыгъэджахэм сохъуэхъу узынш1эу куэдрэ тхуэпсэуну.

Пщ1ыхьэ ягъэдэхащ КъБКъУ-м уэрэдзымрэ къафэмкlэ и «Амикс» театрым, «Стимул» уэрэджыкIакIуэ гуплым, «Кьафэ», «Каллисто» гуплхэм, КИТЭ-м и студент зэчиифIэхэм.

ТАБЫЩ Динарэ.

Политикэ лэжьакIуэ щ1эныгъэм, юридическэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, щ1ыныгъэ лэжьакIуэ гъуэзэджэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэзыгъэпэщ1ахэм яхэта нкIи абы и яп1э тхьэмадэр щ1ыта Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ пщ1ыхь щекIуэкIащ Сэратьи Мадинэ и арт-центру Налшык къалэ дэтым. Ар кьызэригъэпэщ1ащ «Чистые сердца» щ1ыналъэ зэхуакъуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

- СЫТ ХЭЭДЭ лэжьыгъэ Іэнатlэ Іэмытами, ар сытым дежи зэгупсысыр и пэлъэкъым и ехьулIэныгъэрат, жиIащ зэлущIэр кьыщ1эзIуныхым жылагъуэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщ1 Тэмазэ Кьантемир. - Къалмыкъыр, щэч хэмылъу, юрист ящ1, щ1эныгъэлI гъуэзэджэт, мамырщ1экъут, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ емызэщ1ыжьт. Жыпlэнуракъэ, адыгэ лъэпкъыр зэрыгущ1хуэ цIыхущхуэт. Щ1алэгъуалэр хуэныкъуэщ1 щапхъэ зытрахыфынухэм, зыразгъэпщ1фынухэм, Юрэ хуэдэхэм.

Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ ягъэуващ1 медаль, юриспруденцэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ щ1эныгъэмрэ зегъэужьыным хэтлъхьныгъэ хуэзыщ1а, мамырыгъэр хьумэным зи гущIэ хэзыльхьа Іэщ1агъэлIхэр ирагъэлъэпIэну. Къалмыкъыр кьызэрагъэхуэ етIанэгъэ илъэс 80 зэрырикъум и щ1ыкlэ а медалыр хуагъэфэщащ нобэ кьытхэмытыжьхэу, ауэ зи щ1эныгъэри зэфIэкIри кьызыхэкIа лъэпкъым щхьэзыхьэ хуэзыщIащэу республикэм и цIыхубэ усакIуэ, Іуэрыл1уатэдж, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ Пало Заур, генерал Сосналы Сультlанрэ тхакIуэ, щ1эныгъэлI Іутlыж Борисрэ.

